

Kèk benefisyè sitiyasyon pwoteje tanporè (Temporary Protected Status, TPS) ki anba yon lòd ekspilsyon oswa yon lòd depòtasyon e ki mande USCIS yon ajisteman sitiyasyon imigrasyon yo

Si w se yon benefisyè TPS ki anba yon lòd ekspilsyon oswa yon lòd depòtasyon e ki te vwayaje epi retounen grasa yon dokiman otorizasyon alavans pou tounen Etazini pandan ou te seou TPS, lèfini USCIS pa konpetan pou trete aplikasyon pou ajisteman sitiyasyon imigrasyon w lan akoz lòd ekspilsyon an oswa akoz lòd depòtasyon an, epi

1. ou gen entansyon aplike pou yon ajisteman sitiyasyon imigrasyon, oubyen
2. ou te depoze yon aplikasyon pou yon ajisteman sitiyasyon imigrasyon bay USCIS
3. USCIS te refize ajisteman an sèlman poutèt USICS pa konpetan pou trete aplikasyon w oswa sèlman poutèt pa gen konpetans ni pa gen inadmisibilite (si te gen yon egzanpsyón ki disponib, men ou pa t mande sa ni yo pa t ba w li pou yon rezon inadmisibilite ki valab), lè sa a,

ou kapab mande Biwo ICE Konseye Jiridik Prensipal la (gade [chwa pou kòmanse pou suit jidisyè ak Biwo ICE Konseye Jirdik Prensipal](#)) pou l'anvizaje ouvri yon rekèt konjwent pou reyouvri yon pwosedi e pou mete fen nan lòd ekspilsyon an (oswa nan lòd depòtasyon an).

Si yo ta mete fen nan lòd ekspilsyon w (oswa nan lòd depòtasyon w) jan sa esplike anwo a, si w gentan aplike pou USCIS ajiste sitiyasyon imigrasyon w, lèfini li te refize sa sèlman poutèt li pa konpetan, oswa li te refize sa sèlman poutèt pa gen konpetans ni pa gen inadmisibilite (si te gen yon egzanpsyón ki disponib, men ou pa t mande sa ni yo pa t ba w li pou yon rezon inadmisibilite ki valab), ou kapab depoze yon nouvo [fòm I-485 \(Aplikayson pou anrejistre sitiyasyon rezidan pèmanan oswa pou ajiste sitiyasyon imigrasyon\)](#) oswa ou ka depoze yon rekèt pou reyouvri aplikasyon pou ajisteman sitiyasyon imigrasyon w USCIS te refize a nenpòt lè. Pou fè sa, ou ka suiv pwosedi nòmal pou depoze yon rekèt pou reyouvri dosye a pa mwayer [fòm I-290B \(Avi apèl oswa rekèt\)](#). Ou ta dwe ekri "TPS Removal Order" anlè premye paj fòm I-290B ou pou ajans lan ka konprann sitiyasyon w e pou l pa rejte dokiman an poutèt li anreta. USCIS ap aksepte tout rekèt pou reyouvri yon dosye, menm si yo anreta, depi yo ranpli kondisyon ki mansyone anwo yo. Nenpòt moun ki nan yon aksyon lajistis pou rezon sa a ka aji pa mwayer reprezantan gouvènman an nan aksyon lajistis sa a.

Si w bezwen konsèy jiridik konsènan dosye imigrasyon w, veye pou moun k ap ede w la otorize pou l ba w konsèy jiridik. Se sèlman yon avoka oswa yon reprezantan otorize k ap travay pou yon òganizasyon Depatman Jistik la rekonèt ki gen dwa pou ba w konsèy jiridik. Notè publik yo, konsiltan imigrasyon yo ak biznis imigrasyon yo pa ka ba w okenn konsèy jiridik sou kesyon imigrasyon si yo pa kalifye antanke prestatè sèvis ki otorize. Ale sou sit Entènèt USCIS pou konnen ki jan ou ka [jwenn sèvis jiridik](#) ak ki jan ou ka [evite pou yo fè fwòd sou ou](#).